



25 me 2022

Chè fanmi,

Jodi a, nou twouve nou nan yon pozisyon kote kè nou ap dechire lè n ap viv yon lòt fwa ankò asasina elèv ak pwofesè ki pa fè okenn sans, ki devastate tout moun. Nou andire bagay sa yo anpil pandan kèk dènye ane yo epi kominate lekòl nou yo montre kouraj ki enkwayab nan moman defi ki san parèy. Yon bagay yo pa ta sipoze ap enkyete pou sa se menas vyolans avèk zam nan pwòp salklas yo. Okenn paran pa ta dwe enkyete sou sekirite pitit yo lè yo depoze yo lekòl chak maten. Okenn pwofesè ni direktè pa ta dwe pè lè pòt salklas la oswa lè bilding lekòl la ouvri pandan jounen an. Okenn timoun pa ta dwe ap limen bouji akoz yo pèdi zanmi ak kamarad yo.

Nan moman sa yo, li enpòtan pou nou mete tèt ansanm ak fè sa vil nou an konn fè pi byen: sipòte youn lòt. Manm estaf lekòl yo gen volonte epi yo kapab ofri sipò ak èd. Raple pitit ou a lekòl se yon kote ki ansekirite epi ankouraje l pou di sa li santi. Tanpri pa ezite fè manm estaf lekòl la konnen si pitit ou a gen enkyetid pou nou ka bay sipò ki awopriye.

Mwen vle yon lòt fwa bay tout manm kominate lekòl nou yo asirans nou konsantre sou sekirite chak jou. Depatman edikasyon Vil Nouyòk pral kontinye travay nan kolaborasyon avèk Depatman Polis Nouyòk ansanm ak ajans ki asosye avèk vil la pou bay sipò ak enfòmasyon pandan ensidan grav ki afekte kominate lekòl nou yo. Tout lekòl leta Vil Nouyòk suiv pwotokòl estrik sou sekirite ki la pou kenbe pitit ou ansekirite tout tan, espesyalman nan ka yon ijans. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl nou suiv pou kenbe timoun yo ansekirite sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/school-life/safe-schools/emergency-readiness.

Tanpri asire w lekòl ou a gen enfòmasyon ki ajou pou yo kontakte fanmi w nan ka ijans. Anplis, ou ka anrejistre pou Notify NYC (a858-nycnotify.nyc.gov) epi kreye yon kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) (schoolsaccount.nyc) pou asire ou resevwa enfòmasyon ki resan sou ka ijans.

Sante ak sekirite elèv nou yo kontinye rete pi gwo priyorite nou epi nou la pou ede w pandan moman difisil sa a.

Plane wo,

A handwritten signature in black ink that reads "David C. Banks".

David C. Banks
Chanselye